# Шымбайда Бердақ ҳәм Күнхожаның меъмориал комплекси бой тиклемекте

Betti PDF ta'rizde ju'klep ali'w (54 Kb) Versiyasi' Betti doc ta'rizde ju'klep ali'w (54 KB)



Шымбай районында халқымыздың уллы перзентлери Бердақ ҳәм Күнхожа шайырларға символикалық қәбир шөлкемлестирилип, меъмориал музей бой тиклемекте.

Ҳәзирги ўақытта уллы шайырлар мавзолейлериниң тырнақ тасы қойылып, кең көлемли қурылыс ҳәм абаданластырыў жумыслары алап барылмақта.

– Өтмиштеги уллы инсанлардың руўхын шад етиў үлкен саўап. Тарийхты билиў, оны үйрениў ҳәм келешек әўладқа жеткериў бәршемиздиң миннетли ўазыйпамыз, – дейди Қарақалпақстан халық шайыры, Қарақалпақстан Жазыўшылар аўқамының баслығы,  Кеңесбай Кәримов. – Бердақ пенен Күнхожа шайырдың символикалық қәбири шөлкемлестирилип, мавзолей қурылыўы, олардың өмири ҳәм дөретиўшилигине бағышланған музейдиң бой тиклеўи және бул орында бағ жаратылып, коммуникация тармақларының алып келиниўи ҳаққындағы дәслепки қәдемлер пүткил дөретиўши халқын үлкен қукўанышқа бөледи.



Бердақ ҳәм Күнхожа шайырдың негизги қәбириниң Шымбай районындағы «Қарақум ийшан» қойымшылығында жайласқанын атап өтиў орынлы. Зыяратлаў орны Нөкис қаласынан дерлик 120 шақырым узақлықта жайласқан. 3 ярым – 4 гектар майданды ийелеген усы қойымшылықтың әтирапында халық сийрек жайласқан болып, ол жерде суў тәмийнаты жоқ, топырақтың шорланыў дәрежеси жоқары. Усы жағдайларға бола бул орында абаданластырыў мәселесинде бир қатар машқалалар көзге тасланбақта. Бирақ, усыған қарамастан келешекте бул орында да абаданластырыў жумысларының алып барылыўы режелестирилген.



– Рамазан айында басланған саўаплы ислерден бири – бул Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң басламасы менен Шымбай районы аймағында уллы шайырларымыз Бердақ пенен Күнхожаға символикалық қәбирдиң шөлкемлестирилиўи болды, – дейди Шымбай районының ҳәкими Полат Ещанов. – Тарийхта бес қаланың бири сыпатында даңқ таратқан Шымбай қаласын қайтадан туристлик орайына айландырыўды режелестиргенбиз.

Комплекс қурылып атырған орында алдын қарақалпақ бақсышылық мектебиниң тийкарын салыўшы Ақымбет бақсы мавзолейи бой тиклеп, әтирапы абаданластырылған еди.

Есимхан Қанаатов, ӨзА

Sa'ne: 08.06.2018 10:16, ma'rte ko'rip shi'g'i'ldi'